

Jesu Ndiye Nzira



**Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi
uye noupenyu.” Johani 14:6**

Johani 14:6, 18-19, 23-27

*Jesu ndiye nzira yokuenda kuna Baba
6 Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye
noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana
asina kupfuura napandiri.*

**18 Handingakusiyei muri nherera; ndichauya
kwamuri. 19 Chinguva chiduku nyika
haichazondionizve, asi imi muchandiona. Nokuti ndiri
mupenu, nemiwo muchava vapenyu.**

**23 Jesu akapindura akati, “Kana munhu achindida,
achateerera kudzidzisa kwangu. Baba vangu
vachamuda, uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu
naye. 24 Uyo asingandidi haateereri kudzidzisa
kwangu. Mashoko amunonzwa aya haasi angu;
ndeababa vakandituma.**

**25 “Zvose izvi ndazvitura ndichinemi. 26 Asi
Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uyo achatumwa
naBaba muzita rangu, achakudzidzisai zvinhu zvose
uye achakuyeuchidzai zvinhu zvose zvandakareva
kwamuri. 27 Ndinokusiyirai rugare; ndinokupai rugare
rwangu. Handikupei sokupa kwenyika. Mwoyo yenu
ngairege kutambudzika uye musatya.**